

## Evening Promenade

*...sebi night don come....*

Sun dey shine laik *Oba*  
Touch mi with yua horse tail  
mek mai bodi totori mi  
Na double shine shine I dey see  
As dis wata dey reflect yua effizi  
Bifor bifor, haus line up laik termites  
But yu don renovate di whole adugbo

For wata-side, nait fisherman  
wan float commot laik noisy winch  
Engine dey sing, lantern dey do shine shine bobo  
Village gather to look cinema  
Lovers dey close mark dem sef, young bobo dem daze up with tombo  
Papa and mama, plus pickin dey wak roast yam  
Diopka dem na draught dem dey push for mama put  
Laik tortoise , di dark hills dey move come smoll smoll

Sky eye red laik e shack Akpeteshi  
Sky booze sotey im take hand brush mi  
Laik fine Omoge wey im bodi touch mi by askident,  
with Bakassi wey dey move laik fat snake for grass  
Black hair wey she no buy for market, see neck, see shoulders  
Skin laik na Benin dem carve am, eyes wey laff dey commot from  
I go drink dis babe, shine shine light, like tombo, like love music  
As ancestors bin don dey shack bifor dem born mi

Eleftheria dem name dis town  
Yua koboko wund na laik cataract for her eye  
But wen time reach and dem bring light  
na she get di liver to waka dis wata-side  
Laik say na bicos of her sun commot today  
She pack all di light inside di coro of im eye  
She free to march yua belle laik maiden for yam festival dance

Evening time my darling sugar, light wey senior my village for age

Dey sing laik Nelly Uchendu, fine laik Naija babe  
If I no jisoro, I bi crase man bi dat  
Dis town and pipo wey live here do laik  
miracle wey wan change anything im touch, change di world?  
I bi yua slave, abi yua coutri man?  
I get longa throat to drink you reach bottom bottle  
Make all mai bodi glow with yua effizi; her freedom

---

Richard Berengarten

De-coded by Wilson Orhiunu (aka Babawilly)

---

**interLitQ.org**